



**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO
Alamat : Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp: (0286)322386**

PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS) GASAL

TAHUN PELAJARAN 2024-2025

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VIII (Delapan)

Hari/Tanggal : September 2024
Waktu :

1. Crita kang ngrembaka ing sawijining dhaerah lan dianggap minangka asli karya bebarengan (kolektif) karo masyarakate, yaiku pengertian saka
 - A. Crita Wayang
 - B. Crita Rakyat
 - C. Crita Dusun
 - D. Crita Dongeng
2. Ing ngisor iki kang ora kagolong titikane crita rakyat
 - A. dicritakake kanthi turun temurun
 - B. ceritane medeni
 - C. diceritakake kanthi lesan
 - D. akeh versi lan variasine
3. Salah sijining kagunan crita rakyat yaiku Religius. Apa tegese
 - A. menehi rasa tentrem
 - B. menehi nilai-nilai kaendahan
 - C. ngandhut nilai-nilai moral
 - D. ngandhut ajaraning Agama
4. Ing ngisor iki kang ora termasuk crita fiksi
 - A. Fabel
 - B. Mite
 - C. Roman
 - D. Legendha
5. Crita nyi Rara Kidul, Jaka Tarub lan Nawang Wulan, kalebu jinising crita
 - A. Mite
 - B. Sejarah
 - C. Roman
 - D. Fabel
6. Gatekna jinising dongeng ing ngisor iki!
 - 1) Legendha dumadine Rawa Pening

- 2) Gajah lan Semut
- 3) Kelinci sombong lan Kura-kura
- 4) Dongeng Kembang Wijaya Kusuma

Kang kagolong crita fabel katunjuk nomer

- A. 1 lan 2
- B. 2 lan 3
- C. 3 lan 4
- D. 1 lan 4

7. Cita Legendha kang ngandharake crita para tokoh Agama yaiku pengertian saka crita legendha

. . . .

- A. keagamaan
- B. alam Gaib
- C. pawongan
- D. sawijining papan

8. Kang ora kalebu unsur intrinsik wacan yaiku

- A. paugeran
- B. underan/tema
- C. alur
- D. latar

9. Pesan moral utawa piwulang becik sakjroning crita kasebut

- A. watak paraga
- B. tema
- C. latar
- D. amanat

10. Ing ngisor iki kang ora kalebu ukara camboran implisit

- A. Sinta tuku buku, Retno tuku bolpen
- B. Rani doyan mangan sego, nanging Bayu doyan mangan mi
- C. Ibu mundhut sayur, Bapak mundhut mbako
- D. Simbah kakung ndahar gethuk, simbah putri ndahar roti

11. Gatekna ukara ing ngisor iki!

- 1) Simbahku seda nalika mbakyuku tindak Jakarta
- 2) Adhiku dhawah saka amben nalika ibuku masak ing dhapur
- 3) Bapak nandur pari, ibu nandur Lombok
- 4) Ibu nyapu jogan, bapak ngepel

Ukara ing nduwur kan kalebu ukara camboran sungsun. . . .

- A. 1 lan 2
 - B. 2 lan 3
 - C. 3 lan 4
 - D. 1 lan 4
12. Serat Wulangreh arupa tembang Macapat yaiku karyane
- A. Sri Susuhunan Pakubuwono III
 - B. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
 - C. Sri Susuhunan Pakubuwana V
 - D. Sri Susuhunan Pakubuwana VI
13. Serat Wulangreh ana pirang pupuh tembang
- A. 10
 - B. 13
 - C. 15
 - D. 20
14. Ana ing ngendi naskah Serat Wulangreh kasimpen
- A. museum Radyapustaka Surakarta
 - B. museum Radyapustaka Solo
 - C. museum Batik Pekalongan
 - D. museum Keris
15. Tembung Wulang utawa pitutur ing serat wulangreh nduweni teges
- A. Ajaran
 - B. Ilmu
 - C. Milih guru
 - D. Crita pengalaman
16. Miturut Serat Wulangreh, manungsa kudu nduweni kawaspadan batin lan watak *adigang*, *adigung*, *adiguna*. Apa tegese tulisan kang dicetak miring
- A. umuk karo kekuatan, kekuasaan, lan kepinteran kang diduweni awak dhewe
 - B. umuk karo akehing bandha
 - C. Ora duwe unggah-ungguh
 - D. Ora gelem ngajeni karo wong sing luwih tuwa
17. Ing Serat Wulangreh ana limang perkara kang kudu lan wajib dikurmati, kejaba
- A. bapak lan ibu
 - B. maratuwa lanang – wadon
 - C. guru
 - D. majikan

18. Apa surasane Serat Wulangreh Pupuh Gambuh
 - A. carane nyrateni hawa nepsu
 - B. cara ngawula marang raja
 - C. wejangan nduwe watak adigang, adigung, adiguna
 - D. bab cara milih guru
19. Tembang macapat kaiket paugeran. Salah sijine sinebut guru lagu yaiku
 - A. tibane swara vokal ing pungkasaning gatra
 - B. cacahe wanda saben sagatra
 - C. cacahe larik saben sagatra
 - D. Pirang-pirang pada kang sajinis
20. Ing ngisor iki kang udu watake tembang Gambuh
 - A. Susah
 - B. Lugas
 - C. Blaka
 - D. Tanpa ragu-ragu
21. Gamelan yaiku
 - A. Swara lelagoning gamelan
 - B. Kumpulan alat / piranti karawitan utawa alat music Jawa
 - C. Rasa thinthingan saka swara cebdhek nganti swara dhuwur
 - D. Ukuran cendhek dhuwure swara gamelan supaya bisa beda ing antara wilahan gamelan siji lan sijine
22. Ana piro jumlahe Aksara Jawa
 - A. 10
 - B. 15
 - C. 20
 - D. 30
23.  Wacane aksara ing dhuwur yaiku
 - A. Tuku tahu bakso menyang Semarang
 - B. Tuku tahu bakso menyang Salatiga
 - C. Tuku buku menyang Salatiga
 - D. Tuku buku telu menyang Semarang
24. Boris ngombe kopi susu.
Menawa ditulis nganggo aksara Jawa yaiku
 - A. 
 - B. 

